

AVI JANVYE 2018 HPD KONSÈNAN ZAFÈ KÒD LOJMAN

Dokiman sa a gen enfòmasyon konsènan lwa, règ, oswa pwogram ki sot pase ki ka afekte pwopriyete rezidansyèl yo. Tanpri pran san ou pou w li l. W ap jwenn plis enfòmasyon jeneral, lwa espesifik ak règ, enfòmasyon sou vyolasyon, ak egzanp tout dokiman ou ka jwenn nan sitwèb Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) nan www.nyc.gov/hpd oswa lè ou kontakte Biwo Minisipal Divizyon Aplikasyon Kòd (Division of Code Enforcement Borough Offices). Gen kèk dokiman ou ka mande nan 311.

SA KI NOUVO?

POU REZOUZ PWOBLÈM MWAZI

Yon pwopriyete, yon ajan k ap jere yon pwopriyete, oswa yon anplwaye aplentan yon pwopriyete oubyen yon ajan k ap jere yon pwopriyete ka fè evalyasyon mwazi, rezoud pwoblèm nan, oswa redwi li sou pwopriyete pwopriyete sa a. Koreksyon pwoblèm mwazi a gen abòde sous mwazi a tou. Nou rekòmande pwopriyete, ajan, ak anplwaye yo swiv Rekòmandasyon Depatman Sante ak Sante Mantal (NYC Department of Health and Mental Hygiene) nan (<http://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/mold.page>) pou garanti ou fè sa ki apwopriye pou rezoud ak minimize risk pou lasante pou travayè ak lokatè yo.

Si yon pwopriyete oswa yon ajan anboche yon konpayi endepandan pou evalye, rezoud, oswa diminye pwoblèm mwazi, selon Lwa Travay Atik 32 ([Labor Law Article 32](http://www.labor.ny.gov/workerprotection/safetyhealth/mold/frequently-asked-questions-licences.shtm)) (Lwa Travay) Eta New York (<https://www.labor.ny.gov/workerprotection/safetyhealth/mold/frequently-asked-questions-licences.shtm>) konpayi endepandan sa a dwe gen lisans epi swiv kondisyon pou seksyon sa a.

Kondisyon sètifikasyon HPD pou vyolasyon mwazi yo pral egzije konfòmite dokimante avèk kondisyon Lalwa Travay sa yo apatide 1ye mas 2018. Avi Konsènan Vyolasyon pou mwazi pral gen yon nouvo dokiman sètifikasyon. Dokiman an pral mande pou pwopriyete a pou endike li te fini travay mwazi an. Si se pa pwopriyete a, ajan k ap jere pwopriyete a, osa yon anplwaye aplentan pwopriyete/ajan an ki fè travay la, pwopriyete a ap bezwen bay:

- lisans kontraktyèl evalyasyon mwazi (konpayi) ak
- lisans pou rezoud pwoblèm mwazi (konpayi) **oswa** lisans sipèvizè travayè pou redwi mwazi

Nouvo dokiman sètifikasyon yo ap disponib sou entènèt nan mwa mas 2018. Vyolasyon mwazi yo p ap kalifye pou eCertification nan moman sa a.

PANO KI GEN RAPÒ AK DETEKTÈ MONOKSID KABÒN AK ALAM POU LAFIMEN

Yo fèt pou afiche pano ki gen rapò ak detektè monoksid kabòn ak detektè lafimen yo te chanje apatide novanm 2017. Tanpri gade nan [sitwèb HPD a, epi chèche Signage](#), pou wè yon egzanp nouvo pano a. Gen egzanp grenn pano, ansanm ak yon melanj pano ki gen obligasyon pou afiche yon avètisman konsènan kisa lokatè yo dwe fè si yo sispèk gen gaz k ap koule.

YO DWE AFICHE ADRÈS PWOPRIYETE A

Lwa lokal 26 ane 2017, ki vin anplas 18 mas 2018, egzije pou chak fwa yon bilding gen devan li plis pase yon sèl ri, chak bò nan bilding sa a ki gen yon antre prensipal yo itilize prensipalman pou pyeton antre ak soti, dwe afiche swa:

- nimewo bilding yo bay li pou ri a ki fè fas ak antre sa a, oswa
- non ri a ak nimewo yo bay bilding nan tout ri ki fè fas ak lòt antre bilding lan genyen kote pyeton yo antre ak soti chak jou.

Lwa lokal la ogmante sanksyon pou moun ki pa konfòme li avèk nenpòt nan egzijans ki nan Seksyon 3-505 nan Kòd Administratif Vill New York la ki gen rapò ak afichaj adrès yon pwopriyete.

TIZONNAY LOKAKTÈ

Li ilegal pou pwopriyete bilding yo fòse lokatè yo degèpi kite apatman yo oswa abandone dwa yo (Kòd Antretyen Lojman Seksyon 27-2004 - Housing Maintenance Code Section 27-2004). Tizonnay se nenpòt lè yon pwopriyete oswa yon reprezantan li fè oswa pa fè yon bagay ki (i) lakòz oswa gen entansyon pou lakòz nenpòt moun ki gen dwa legal pou rete nan yon kay kite kay la oswa abandone nenpòt dwa li genyen pou rete nan kay la, ak (ii) tonbe nan yon kategori bagay yo fè oswa pa fè lalwa te idantifye espesifikman. Lokatè yo kapab lanse aksyon nan Tribinal Lojman ki gen ladan yon reklamasyon pou tizonnay. Tribinal la ap sipoze yon moun ta fè oswa pa fè yon bagay nan plizyè kay pou fè moun nan kite kay la oswa pou li abandone nenpòt dwa li gen pou rete nan kay la, amwenske pwopriyete a ka bay prèv se pa vre. Gen sanksyon sivil yo ka mete sou yon pwopriyete si Tribinal Lojman an detèmine te gen tizonnay. Tribinal la ka konpanse tou pou domaj, frè avoka ki rezonab ak depans ak/oswa pinisyon pou domaj. Answit, pwopriyete ki tizonnen lokatè yo ka gen plis evalyasyon ki fèt nan Depatman Bilding (Department of Buildings) lè yo bezwen pèmi pou pèmi bilding, epi pwopriyete sa yo ka bezwen yon Sètifikasyon pa gen Tizonnay nan men HPD, si pral gen yon chanjman nan fason yo itilize oswa abite nan yon pwopriyete. HPD oblije bay enfòmasyon sou sit entènèt li a tou pou aksyon Tribinal Lojman an, si yo jwenn te gen tizonnay.

RAPÈL

ENSKRIPSYON PWOPRIYETE

HPD te pase Lòd (Dekrè) pou pwopriyete ki pa ranpli yon Enskripsyon Pwopriyete alè (avan 1ye septanm 2017). Si ou te resevwa yon Lòd, tanpri sonje ou dwe enskri pou yo anile Lòd la. Si ou pa fin sèten si pwopriyete ou a anfòm ak enskri, ou ka tcheke sou HPDONLINE (<http://www1.nyc.gov/site/hpd/index.page>) sou sitwèb nou an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans pou enskripsyon oswa pou itilize Sistèm Enskripsyon Pwopriyete sou Entènèt (Property Registration Online System, PROS), ale sou sitwèb HPD a nan (<http://www1.nyc.gov/site/hpd/owners/compliance-register-your-property.page>) oswa kontakte HPD nan register@hpd.nyc.gov .